

# WÈ PAKOU W POU YON PI BON SANTE POU ETIDYAN



## Etap 1: Mete sante w an premye

- Li enpòtan pou ou menm ak fanmi ou rete an sante.
- Gen yon woutin ki sen nan lavi ou, lakay ou, nan travay ou, ak nan kominote ou.
- Fè tchekòp epi jere kondisyon kwonik yo.
- Kenbe tout enfòmasyon sou sante ou yon sèl kote.

## Etap 2: Konprann kouvèti sante etidyan w lan

- Mande sant sante pou etidyan w lan ki sèvis li kouvrir (li ka sou sit entènèt sant sante etidyan w lan).
- Konnen depans ou yo (prim, ko-pèman, dediktib, ko-asirans)
- Konnen diferans ki genyen ant swen anandan rezo yo ak sa yo ki pa anandan rezo yo.

## Etap 3: Konnen ki kote pou ou ale pou w jwenn swen

- Itilize sèvis ijans pou ka ijan yo ak sitiyasyon ki kapab mete lavi an danje yo.
- Li preferab pou w pran premye swen lè se pa yon ijans oswa yon vi ki an danje.
- Konnen diferans ki genyen ant premye swen ak swen ijan.

## Etap 4: Jwenn yon founisè

- Jwenn yon founisè ki aksepte kouvèti asirans ou a
- Verifye lis founisè ki disponib nan sant sante etidyan ou a.
- Mande pwòch ou yo kiyès ki founisè yo. Ou kapab fè rechèch sou entènèt tou.
- Si yo ba ou yon founisè , kontakte sant sante etidyan ou a si ou vle chanje l.

## Etap 5: Pran yon randevou

- Di yo si ou se yon nouvo pasyan oswa si ou konn vin la deja.
- Di yo non plan sante ou a. Mande si yo aksepte asirans ou a.
- Di yo non founisè ou vle rankontre a epi poukisa ou vle yon randevou.
- Mande jou oswa lè ki bon pou ou.
- Mande sa w ap bezwen pote lè randevou a.

## Etap 6: Mete w prè pou vizit ou an

- Mache ak kat asirans ou.
- Konnen antesadan medikal ou, tankou maladi oswa blese grav ou te genyen anvan ak lè yo te rive, tout alèji ak medikaman yo, vaksinasyon anvan yo, epi antesadan medikal fanmi ou.
- Fè lis tout medikaman ou pran yo.
- Pote yon lis kesyon ak bagay pou w pale sou yo, epi pran nòt pandan vizit ou a.
- Vin ak yon moun pou ede w si w ta bezwen èd.

## Etap 7: Deside si founisè a bon pou ou

- Ou te santi ou alèz ak founisè ki te konsilte w la?
- Èske ou te rive konprann founisè w la? Èske founisè w la te konprann ou?
- Èske ou santi ou menm ak founisè w la kapab pran bon desizyon ansanm?
- Sonje: li pa yon pwoblèm pou ou chanje founisè !

### Si w vle chanje founisè, ale nan Etap 4.

## Etap 8: Prochen etap aprè randevou ou a

- Suv enstriksyon founisè ou a.
- Achte tout medikaman yo te ba w yo. Pran yo selon endikasyon yo.
- Planifye yon vizit pou suivi si ou bezwen youn.
- Revize eksplikasyon avantaj ou yo pou asire w li kòrèk.
- Peye fakti swen sante ou.
- Kontakte founisè w la oswa sant sante etidyan w lan si ou genyen nenpòt kesyon.